



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN SANT FÒMASYON POU TRAVAY NAN AME DI SALU NAN BINGHAMTON

Enstalasyon \$6 Milyon a Ap Ofri Devlopman Kapasite Travay, Pwogram Fòmasyon epi Bay Sèvis Swen pou Timoun Sou Plas

Investisman yo Konplete pwojè “Southern Tier Soaring” – Ki se yon Inisyativ Pwojè Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) ki Reyisi, pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvo Opòtinite

Rapò Sant Fòmasyon Ame di Salu a (Salvation Army Job Training Center) Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Ame di Salu (The Salvation Army) nan Vil Binghamton lanse nouvo Sant Fòmasyon ak Sipò pou Travay li a nan Kot Nò a (North Side Job Training and Support Center). Nouvo sant \$6 milyon sa ap kreye jiska 40 nouvo djòb a tan konplè e l ap bay lòt sèvis a rezidan ki nan bezwen yo. Anons sa a sipòte pwojè Southern Tier Soaring la, ki se plan ekonomik ki deziyen pou atire yon mendèv ki talantye, devlope biznis epi pote inovasyon.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Pandan katr an, Ame di Salu te bay èd pou Nouyokè ki nan bezwen yo, e lè l devlope fòmasyon pou travay ak sèvis swen fanmi ak nouvo Sant Binghamton nan, plis gason ak fi ap gen aksè a resous yo bezwen pou sipòte pwòch yo. Pwojè sa p ap sèlman kreye nouvo djòb pou rezidan nan Binghamton yo, men l ap chanje lavi gason ak fi atravè rejyon an tou, lè l pote lespwa ak sipò pou yon avni ki solid, epi an sante.”

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, ki te patisipe nan lansman an, te deklare: “Sant Resous Fòmasyon pou Travay ak Familyal ki elaji a se yon investisman \$5.6 milyon pou avni kot nò Binghamton. Sa vle di, sèvis kotidyen ki amelyore ansanm ak sipò pou devlopman mendèv ki enpòtan anpil. Antanke prezidan konsèy devlopman ekonomik rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) Gouvènè Cuomo a, mwen fyè ke REDC Southern Tier (STREDC) la te an mizi pou sekirize \$1.7 milyon pou yon pwojè k ap ede transfòme katye sa nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò plan Southern Tier Soaring la.”

Ame di Salu ap ofri yon nouvo inisyativ patenarya pou fòmasyon mendèv k ap travay ak

prestatè nan domèn edikasyon yo pou ofri devlopman kapasite ak fòmasyon pou travay, a gason ak fi atravè rejyon an. Nouvo sant lan ap founi sèvis swen pou timoun ak granmoun tou.

Pou fè pwojè sa avanse, Empire State Development te ofri jiska \$1.7 milyon nan finansman sibvansyon kapital kòm rekonpans pou angajman pou kreyasyon djòb. Depans total pwojè a se anviwon \$6 milyon. Yo prevwa pou nouvo sant lan fini nan sezon ete 2018.

Laura Hamilton, Direktè Kanpay Ame di Salu Binghamton (Binghamton Salvation Army Capital Campaign), te deklare: “Nouvo etablisman Ame di Salu a ap konsolide efò nan tout kominote a pou konstwi Katye Kot Nò Binghamton yo, pou pase de yon zòn k ap lite ak limit ekonomik kwonik, a yon zòn kote mobilite sosyal ak devlopman pèsonèl ogmante. Lè n travay ansanm ak patnè nan kominote yo, n ap anbrase inisyativ ekonomik ki ka transfòme epi bay sèvis ki lye k ap soutni moun ak fanmi, pandan y ap travay pou simonte ensekirite alimantè, chomaj ak povrete, pa sèlman nan Binghamton men nan tout Konte Broome nan.”

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te deklare: “Nouvo Sant Fòmasyon ak Sipò Ame di Salu nan Kot Nò a ap chanje lavi anpil moun nan zòn Binghamton nan e l ap founi opòtinite k ap mennen nan kreyasyon travay nan tout rejyon Southern Tier la.”

Ko-Prezidan REDC Southern Tier Tom Tranter, ki se Prezidan ak PDG Corning Enterprises ak Harvey Stenger, ki se Prezidan Binghamton University, te deklare: “STREDC fyè pou l sipòte nouvo Sant Fòmasyon pou Travay ak Sipò Ame di Salu Binghamton nan. Youn nan premye priyorite Inisyativ Southern Tier Soaring la se atake povrete nan rasin li, e patenarya inovan sa ap ede nou nan misyon nou an anpil.”

Senatè Eta a, Fred Akshar, te di: “Mwen emosyone pou wè pwojè Ame di Salu yo t ap tann depi lontan an pote fwi. Nouvo sant lan ap ede pote sèvis ki pi nesèsè yo nan Katye Kot Nò Binghamton yo. Pwojè sa, konbine ak Sant Kominotè Lee Barta (Lee Barta Community Center) ki fèk elaji tou pre a, ap founi anpil sèvis ak sipò ke anpil nan rezidan Kot Nò nou yo bezwen dezespereman, epi ramne nou yon lòt pa pi prè de yon Binghamton ki revitalize.”

Manm Asanble Eta a, Donna Lupardo, te deklare: “Pwojè sa enpòtan pou rekipèrasyon ekonomik kontini ak travay kont povrete ki fèt nan kominote nou an.. Sant Fòmasyon pou Travay Ame di Salu nan Kot Nò a, ap sitiye nan yon zòn ki te fè fas ak anpil defi pandan ane ki pase yo. Lè l founi fòmasyon, edikasyon ak lòt sèvis ki lye pou rezidan nan yon zòn, etablisman sa ap vin yon sant aktivite ak yon sant lespwa.”

Majistra Vil Binghamton, Rich David, te deklare: “Ame di Salu gen yon antesedan fyè nan sipòte kominote nou an, espesyalman nan founi sèvis bay rezidan Binghamton ki pi nan bezwen yo. L ap kontinye tradisyon sa ak nouvo Sant Fòmasyon pou Travay ak Sipò nan Kot Nò li a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Empire State Development paske yo founi fon pou fè pwojè sa pwogrese e mwen enpasyen pou wè ouvèti li nan pwochen sezon ete a.”

Nan tout peyi a, Ame di Salu dirije 7,546 sant nan kominote yo atravè Etazini. Operasyon sa yo genyen ladan yo, inisyativ distribisyon manje, soulajman apre katastwòf, sant reyabilitasyon, efò kont trafik imen ak pwogram richès timoun.

Pou plis enfòmasyon sou Sant Ame di Salu a (The Salvation Army Center) nan Binghamton, klike [isit la](#).

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konpleman pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Inisyativ sa a te konsantre sou inovasyon, gwo kwasans antrepriz yo, epi kreyasyon yon anviwònman ki pou moun ki gen plis talan e ki pi briyan nan rejyon an. Investisman Eta a fè nan rejyon an depi 2012 pou bati fondasyon pou plan an deja depase \$3.1 milya. Li investi nan endistri kle tankou pwodiksyon avanse, manje ak agrikilti, epitou nan travay k ap fèt pou ankadre pi gwo ekosistèm inovasyon Binghamton.

Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Inisyativ “Southern Tier Soaring”, Revitalization pou Rejyon Nò, \$500 milyon Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan pral bay konpayi biznis prive yo prim ankourajman pou yo investi plis pase \$2.5 milya – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa kreye jiska 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418